



Resous pou Sante Mantal pou Kominote Imigran yo nan Boston

Sipò pou Sante Mantal ki Disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7:

Ou pa bezwen gen okenn dokiman pou rele BHHL oswa 988.

- [988 - Liy Asistans Telefonik Nasyonal pou Prevansyon kont Swisid \(Etazini\)](#): Disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou nenpòt moun ki nan sitiyasyon kriz sante mantal.
 - ☐ Lang: Anglè, Panyòl
 - ☐ Nimewo: Rele 988 oswa ekri “HELLO” (ALO) nan yon mesaj tèks epi voye l nan nimewo 741741 pou w kapab jwenn sipò imedya
- [Liy pou Mesaj Tèks pou Asistans nan Ka Kriz](#): Se yon sèvis gratis e konfidansyèl ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou moun ki nan sitiyasyon kriz. Ou kapab mande pou yo siprime enfòmasyon ou pataje yo lè w ekri mo “DELETE” (SIPRIME) nan yon mesaj tèks.
 - ☐ Lang: Anglè, Panyòl
 - ☐ Nimewo: Ekri “HELLO” (ALO) nan yon mesaj tèks epi voye l nan nimewo 741741 pou w kapab antre an kontak avèk yon konseye ki resevwa fòmasyon sou jesyon kriz
- [Liy asistans telefonik SAMHSA](#): Pou moun ak fanmi k ap fè fas ak abi sibstans oswa pwoblèm sante mantal.
 - ☐ Lang: Anglè, Panyòl
 - ☐ Nimewo: Rele 1-800-662-HELP (4357) pou w kapab jwenn asistans konfidansyèl gratis
- [Paran Anonim](#): Gwoup sipò gratis ke paran dirije pou ede jere estrès ki lye ak wòl paran ansanm ak lavi familyal.
 - ☐ Lang: Anglè, Panyòl, plis pase 240 lòt lang
 - ☐ Nimewo: [855-427-2736](tel:855-427-2736) oswa voye imèl nan help@nationalparentyouthhelpline.org
- [Liy Asistans Telefonik pou Sante Konpòtmantal](#): Yon sèvis konfidansyèl ki gratis ki kapab ede w jwenn asistans klinik. Ou pa bezwen gen asirans. BHHL la fèt pou *tout moun*, ikonpri kominote LGBTQIA+ la, Nwa, Endijèn, ak Moun ki gen nan Gwoup Minoritè yo (BIPOC)
 - ☐ Lang: Moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tandè, moun ki gen andikap, ak moun ke lang matènèl yo pa Anglè – li founi sèvis nan plis pase 200 lang- 24 sou 24, 7 jou sou 7.
 - ☐ Nimewo: Rele oswa voye yon mesaj tèks nan 833-773-2445



- [Liy Asistans pou Abi Sibstans nan MA](#): yon resous piblik ki disponib nan tout eta a ki pèmèt ou jwenn sèvis pou rediksyon danje, tretman, retablisman, ak sèvis pou adiksyon ak jwèt aza
 - ☐ Nimewo: Rele 800-327-5050
 - ☐ Lang: [Anglè](#) ak [Panyòl](#)
- [BlackLine](#): Liy Asistans pou Mesaj Tèks oswa Apèl ki disponib 24 sou 24, 7 jou 7: yon espas ki fèt pou sipò ant kòlèg, konsèy, temwanyaj ak validasyon eksperyans lavi moun ki plis viktim opresyon sistematik nan Pèspektiv yon Fanm Nwa ki fè pati kominote LGBTQ+ la. Li sipòte sitou kominote Nwa, LGBTQI Nwa, Bren, Otoktòn, ak kominote Mizilman. Sepandan, Liy asistans lan p ap refize pyès moun sèvis.
 - ☐ Nimewo: 800-604-5841
- [Liy Asistans THRIVE](#): Si w nan yon sitiyasyon kriz sante mantal epi w bezwen kominike avèk yon entèvenan pou ka kriz ki kalifye, nou la pou ou. Si w se yon moun ki fè pati yon gwoup ki sou-reprezante (moun ki f pati gwoup minoritè, LGBTQ2S+, moun k ap viv avèk andikap, moun ki newodivèjan, ak/oswa lòt idantite ki majinalize yo), epi ou rankontre obstak akòz (oswa w senpman gen kesyon konsènan) idantite w, nou vle ede w simonte obstak sa yo.
 - ☐ Nimewo: Ekri “THRIVE” (PWOSPERE) nan yon mesaj tèks epi voye l nan nimewo [+1.313.662.8209](#)

Sipò pou Timoun ki gen Paran ki se Imigran:

Timoun yo kapab soufri anksyete akòz nouvel jounen jodi yo oswa akòz eksperyans twomatizan. Li enpòtan pou n pran santiman yo an konsiderasyon epi pou n rekonfòte yo. Rasire yo pandan w ap garanti sekirite ak establite epi rete onèt avèk yo parapò ak sitiyasyon an nan fason ki apwopriye pou laj yo.

- [Ede Timoun yo Fè Fas ak Nouvel k ap Fè yo Pè](#): Sa paran yo kapab fè pou ede timoun ki pè yo jere lapenn ak laperèz nan yon fason ki sen. Li disponib tou nan lang [Panyòl](#).
- [Sa pou Fè ak Sa Pou Pa Fè Lè Timoun yo Sou Tansyon](#): Kòman pou respekte santiman san w pa ranfòse laperèz. Li disponib tou nan lang [Panyòl](#).
- [Sipòte Jèn Timoun yo Apre Sitiyasyon Kriz](#)
- **Kòman pou Pale ak yon Timoun ki Panike poutèt Depòtasyon** nan lang [Anglè](#) ak [Panyòl](#)

Kòman pou Gen Aksè ak Swen Sante Mantal pou Imigran

Imigran yo, ansanm ak refijye ak moun ki pa gen papyè yo, kapab benefisye tretman sante mantal, souvan atravè resous ak sèvis kominotè ki pa egzijè dokiman ki pwouve estati



imigrasyon. Tanpri, pran san w pou revize chak resous pou w kapab konnen ki dokiman yo mande.

Fason pou Jwenn Sipò

- [Jwenn sipò sante mantal antanke yon imigran](#): Enfòmasyon sou kòman pou jwenn sipò ak tretman pou sante mantal antanke yon imigran, refijye, oswa antanke yon moun ki pa gen papye nan peyi Etazini.
- [Resous Imigrasyon pou LGBTQ+](#): Resous pou imigran ki fè pati LGBTQ+, ki kouvri tout domèn soti nan konsèy jiridik rive nan sipò emosyonèl.
- [Resous Sante Mantal pou Imigran](#) ke CLASP founi: Li konsolide resous CLASP ak kolaboratè yo sou sante mantal imigran nan peyi Etazini. Sa yo gen ladan yo feyè enfòmasyon, rapò, ak resous pou defansè, imigran, pratisyen, ak elaboratè politik yo. Gen ladan l fòmasyon, aplikasyon, referansyèl, resous, repètwa founisè ak sipò omològ, liy asistans telefonik ak resous terapi anliy, rapò ak enfòmasyon.

Jwenn Opsyon Sipò

- [Repètwa Nasyonal pou Sante Mantal UndocuHealth](#): Yon repètwa ki gen pwofesyonèl swen sante mantal ki espesyalize nan domèn imigran san papye ak kominote imigran.
- [Jwenn yon òganizasyon ki bay sèvis toupre ou](#): Yon baz done Informed Immigrant ke w kapab filtre selon kòd postal ak domèn (asistans jiridik; aksyon ak òganizasyon kominotè; sipò pou sante mantal; asistans finansyèl; aksè ak swen sante; ansanm ak lekòl, kolèj kominotè, ak inivèsite).

Kouvèti Atravè yon Asirans oswa Peman Prive:

- [Resous Terapi selon Idantite ak Dimansyon Kiltirèl](#): Jwenn resous ki adapte ak divès bezwen kiltirèl oswa idantite espesifik.

Opsyon Terapi ki Abòdab:

- [Terapi a Frè Redui \(Open Path Collective\)](#) (\$30- \$70/pou chak vizit plis yon frè abònman \$65 ou peye yon sèl fwa)
- [Sèvis Terapi a Pri ki Ba \(De Novo\)](#) (\$2-\$60/ pou chak vizit)
- [Gwoup Sipò pou Ranfòse Byennèt Imigran](#): Divès seyans an gwoup vityèl gratis ki dire 6 semèn pou moun ki pa gen papye yo kapab pataje eksperyans yo epi pou yo kapab jwenn sipò.



Resous pou Sante Mantal pou Imigran nan Boston

Gen divès kalite resous pou sante mantal ki la pou sipòte divès kominote imigran Boston yo. Anba a, w ap jwenn yon lis ki gen kèk òganizasyon ak sèvis ki disponib toupatou nan vil la:

- [Sant Sante pou Imigran ak Refijye nan Sant Medikal Boston](#): Sèvis yo gen ladan yo aksè ak swen sikyatrik ak jesyon dosye ak sipò pou reponn ak bezwen espesyal refijye ak moun ki viktim tòti, moun ki fè demann azil ak imigran. Sèvis entèpretasyon sou plas ak entèpretasyon nan telefòn disponib nan plis pase 30 lang.
 - o Adrès: 725 Albany Street Boston, MA 02118
 - o Telefòn: 617-414-1994
- [Sant Rian pou Imigran](#): bay imigran, refijye ansanm ak vizitè ki sou pwogram echanj entènasyonal yo mwayen pou yo kapab gen aksè ak opòtinite, sekirite, ak yon avni miyò. Sa gen ladan l sèvis konsèy ak sipò.
 - o Adrès: 1 State St #800, Boston, MA 02109
 - o Telefòn: 617-542-7654
- [Alyans pou Moun ki Pale Pòtigè nan Massachusetts \(MAPS\)](#): travay avèk e pou kominote Brezilyen, Kap Vèdyen, Pòtigè ansanm ak lòt kominote ki pale Pòtigè yo nan objektif pou ogmante aksè e pou elimine obstak nan domèn sante, edikasyon ak sèvis sosyal atravè sèvis dirèk, defans, lidèchip, ansanm ak devlopman kominotè. Sèvis yo gen ladan yo sipò pou sante mantal. Ou kapab pwograme yon [randevou konfidansyèl e gratis](#) san w pa gen asirans sante. Klinisyen MAPS ki konpetan sou plan lengwistik kòm sou plan kiltirèl yo founi yon sèvis terapi tanporè ki limite, epi yo kapab mete w an kontak avèk sèvis swen sante ak sikyat si sa nesesè.
 - o Nimewo Telefòn pou Pran Randevou: 617-864-7600
- [Sant Asistans pou Refijye ak Imigran](#): ajans sèvis sosyal debaz kominotè ki pa travay pou pwofi ki founi divès sèvis konplè pou refijye, moun ki gen azil, ak imigran. Sèvis yo gen ladan yo sèvis konsèy endividyèl ak familyal, gwoup sipò, sèvis pou sitwayènnte ak rezidans pèmanan. Lang yo gen ladan yo Somali, Anglè, Arab, Fasi, Panyòl, Swahili, Ibo, ak Awousa.
 - o Adrès: 253 Roxbury St, Boston, MA 02119
 - o Telefòn: [\(617\) 238-2430](tel:6172382430)
- [Casa Esperanza, Inc.](#): yon sant sante konpòtmantal bileng e bikiltirèl ki espesyalize nan founi tout yon gàm sèvis konplè nan sante konpòtmantal, swen prensipal, ak sèvis sipò nan lang Panyòl ak Anglè pou kominote Latino an nan Massachusetts. Sèvis yo nan lang Anglè ak Panyòl. Sèvis yo gen ladan yo pwogram pou abi sibstans, sikoterapi, sikyatri, ankadreman pou retablisman ant kòlèg. Gwoup pou konsiltasyon ekstèn yo gen plizyè objektif tankou rechèch sekirite, gwoup pou byennèt, gwoup pratik sou plenn konsyans, ansanm ak sipò pou retablisman ant kòlèg.



- o Telefòn: [\(617\) 445-1123](tel:6174451123)

Sipòte Swen Sante Mantal pou Imigran yo – pou Pwofesyonèl Swen Sante yo:

- [Gen divès zouti, fòmasyon, ak estrateji](#) ki anplas pou sipòte byennèt mantal imigran ak refijye yo. Aprann plis sou ansanm pratik ak konsepsyon ki baze sou evidans pou ede pwofesyonèl swen sante yo kreye divès anviwònman swen ki san danje epi ki akeyan.
- [Dwa Elèv ak Paran ki Se Imigran Genyen nan Lekòl](#): aprann sou dwa elèv ak fanmi yo genyen nan lekòl la, resous pou konnen si yo vyole dwa timoun yo nan lekòl la, ak resous pou poze kesyon ki gen pou wè ak imigrasyon.
- [Kòman pou Sipòte Elèv ki Soufri Anksyete](#): Yon resous pou edikasyon k ap sipòte elèv ki san papye ansanm ak elèv ki soti nan fanmi ki gen diferan estati yo ki soufri twomatis ak anksyete.
- [Kòman pou Sipòte Elèv ki Soufri Twomatis yo](#): Yon resous pou edikasyon k ap sipòte elèv ki san papye ansanm ak elèv ki soti nan fanmi ki gen diferan estati yo ki soufri twomatis ak anksyete.
- [Pwofesyonèl Swen Sante yo ak Ajan Imigrasyon yo - Konnen Dwa Ou, Konnen Dwa Pasyan Ou yo](#): Enfòmasyon pou pwofesyonèl swen sante yo kapab konnen kòman pou yo prepare yo ak pou yo reyaji pa rapò ak mezi aplikasyon lalwa ajan imigrasyon yo ap poze yo ak pou yo konnen fason pou yo entèraji avèk ajan fòs lòd yo .
- [Konnen Dwa Ou - Swen Sante ak Asirans Sante pou Imigran yo](#): Resous sa a founi enfòmasyon ke tout fanmi imigran ta dwe konnen lè y ap deside resevwa swen sante oswa aplike pou pwogram asirans sante yo.
 - o Gid la disponib nan lang [Anglè](#), [Koreyen](#), [Chinwa](#), [Panyòl](#)

Fason pou Jwenn Asistans Jiridik pou Imigran yo:

[Sèvis Jiridik De Novo](#): De Novo founi asistans jiridik gratis pou imigran ansanm ak moun ki fè demann azil yo nan Massachusetts. Yo sipòte ka tankou azil, VAWA (Lwa sou Vyolans kont Fanm), Viza T, Viza U, Jèn Imigran Espesyal, ak Evalyasyon Mediko-Legal.

- o Adrès: 47 Thorndike Street, SB-LL-1, Cambridge, MA 02141
- o Telefòn: 617-661-1010 | Faks: 617-661-1011
- o [MassRelay](#): 711



- **Liy Asistans pou Sèvis Imigrasyon:** (617) 405-5479 (Konsiltasyon gratis)
Pou jwenn **asistans jiridik**, kontakte (617) 661-1010, Lendi jiska Vandredi, 9:00 AM rive 5:00 PM
- **Casa Myrna:** Sèvis yo gen ladan yo Pwogram Asistans Jiridik, ki vize pèmèt moun ki viktim vyolans domestik jwenn aksè rapid ak sèvis jiridik ki favorize otonomizasyon epi ki pran twomatis an konsiderasyon. Pwogram nou an reprezante viktim yo tou nan domèn lwa familyal, òdonans restriktif, ansanm ak ka imigrasyon nan zòn Greater Boston.
 - Lang: Anglè, Panyòl, Kreyòl Kap Vèdyen, ak Amenyen, epi nou gen aksè ak entèpretasyon pa telefòn pou lòt lang ak dyalèk yo.Liy asistans telefonik: Viktim yo ak defansè yo kapab rele **Liy Asistans pou Sèvis Jiridik la nan (617) 521-0146**
- **Liy Asistans pou Defansè Imigrasyon Kowalisyon MIRA:** MIRA founi repons pou kesyon ki gen pou wè ak domèn jiridik ke moun souvan poze òganizasyon kominotè k ap ede imigran ak refijye yo. Liy asistans lan disponib pou tout rezidan Massachusetts, si w rele depi yon lòt eta, nou ka pa kapab ba ou referans pou zòn ou an.
Liy Asistans pou Sèvis Imigrasyon nan (508) 293- 1871
- Liy asistans lan pa kapab ba ou konsèy jiridik endividyèl ni reprezante w legalman, men li kapab pataje avèk ou enfòmasyon ak resous ki enpòtan tankou:
 - Konsèy sou kòman pou jwenn enfòmasyon sou dosye w devan tribinal imigrasyon an oswa sou yon aplikasyon pou estati imigrasyon ki annatant
 - Enfòmasyon jeneral sou pakou ak pwosesis imigrasyon
 - Enfòmasyon sou resous pou imigran yo
 - Enfòmasyon pou pèmèt ou Konn Dwa Ou
 - Enfòmasyon sou kisa pou fè apre imigrasyon fin kenbe yon moun nan detansyon
- **Sant Resous Jiridik pou Imigran (ILRC):** Founi imigran yo resous k ap ede yo jere pwoblèm jiridik ki lye ak sante mantal, sitou sila yo ki nan pwosesis depòtasyon oswa seperasyon yo.
- **Asosiyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken (AILA):** Si w bezwen yon avoka ki konprann imigrasyon e ki konprann pwoblèm sante mantal, AILA se yon bon kote pou kòmanse. Sèvis sa yo pa gratis, avoka sa yo se avoka prive yo ye.
- **Enstiti pou Sèvis Fanmi Imigran:** sèvis yo gen ladan yo asistans pou imigran ak asistans jiridik. Sa gen ladan l aplikasyon pou TPS, pawòl CHNV, azil ak otorizasyon pou travay.
 - Adrès: 1626 Blue Hill Avenue, Mattapan, MA 02126
 - Telefòn: 617.322.1348 oswa 857.251.9806



- [Defansè pou Timoun nan Massachusetts](#): Defansè pou Timoun nan Massachusetts yo gen kòm misyon pou yo elimine obstak nan opòtinite nan domèn edikasyon ak lavi pou timoun ak jèn yo.
 - [Liy asistans](#): founi konsèy, resous, ak referans lè sa nesesè, pou fanmi ki gen timoun k ap fè fas ak obstak yo kapab resevwa sipò edikatif ak sèvis ke yo gen dwa pou yo benefisye legalman yo.
 - Nimewo: 617-357-8431
- [Pwojè Reprèzantasyon pou Azil Politik/Sèvis Imigrasyon \(PAIR\)](#): founi sèvis imigrasyon gratis pou moun ki fè demann azil e pou imigran ki nan detansyon yo, pandan y ap ede yo avèk dwa legal yo ak reprèzantasyon legal yo.
 - Adrès: 98 North Washington Street, Suite 106 Boston MA 02114
 - Telefòn: 617-742-9296
- [Agencia ALPHA](#): òganizasyon debaz ke imigran dirije ak ministè sosyal Congregation Lion of Judah, k ap travay pou imigran ki soti nan tout nivo de vi, e ki konsantre sitou sou popilasyon Latino a. Li founi yon pakèt sèvis ki gen ladan yo konsèy ak konsiltasyon nan domèn imigrasyon, asistans gratis pou aplikasyon pou sitwayènte, ansanm ak referans.
 - Adrès: 62 Northampton Street, #203, Boston, MA 02118
 - Telefòn: 617-522-6382
 - Imèl: info@agenciaalpha.org